

## Òganizasyon ak disiplin mete objektif ki parèt disèt wotè soulamen

Kòm Andrew Franz se yon elèv lekòl mwayèn (6yèm – 8yèm ane), li sanble li pa janm kab fini ti travay tou senp a lè. Met fatra deyò, chanje sab pou chat pou pou, fini devwa a lè—youn nan bagay sa yo pa parèt enpòtan.

Yon lè manman li fè l fè konesans avè Luanne Todd, yon certified Strategic Instruction Model Professional Developer.

Franz di: “Mwen pa konn ki jan l fè jwenn Todd, paske se sa menm m te bezwen.”

Li menm ak Todd te travay ansanm sou Estrateji pou fin fè yon travay nèt (Assignment Completion Strategy) epi sou jan pou li sèvi ak yon kaye Quality Quest Planner. Travay sa a te gen anpil difikilte. Men Todd di kon sa, ak pèsèverans yo te kòmanse wè fwi travay yo.

Todd di: “Daprè sa manman l di, yon maten, Andy ‘annik ret kon sa li sonje’ ki jou l te ye, li sonje met fatra deyò san manman l pa fè l sonje. Manman l te kontan anpil.”

Sèvi Franz te sèvi ak estrateji a te ba l òganizasyon ak disiplin ki vin tou natirèl nan lavi l. Ata kounye a, kòm etidyan nan Inivèsite Alabama k ap etidye dwa penal, li sèvi ak yon fòm estrateji a pou l jere devwa ak sa li dwe fè.

Franz di: “Estrateji pou fin fè yon travay nèt la fè pi gwo efè sou etid mwen lontan pase tout lòt bagay m te aprann. Non sèlman sa ede m mache dwat, men sa ban m fondasyon pou m kontinye epi pou m reyisi nan nivo ki pi wo”.

Lè Franz diplome nan Inivèsite, li pral yon ofisyè nan Aviyasyon Militè Ameriken (U.S Air Force). Li tèlman travay byen lekòl sa fè l youn nan pi bon kandida pou yon gwo plas pilòt oswa navigatè ki difisil anpil pou moun jwenn nan Aviyasyon Militè a.

Franz di: “M ta renmen di, kwak Estrateji pou fin fè yon travay nèt la bon anpil, se Luanne ki te fè tout travay di yo pou li te òganize l epi pou li montre m pantan anpil anpil èd tan lè m pa t ka konprann li. Se pa rekonesans sèlman Luanne merite men li merite yon meday tou. M ka di jodi a se sèl grenn moun ki fè m rive nan chemen mwen ye jodi a e mwen dwe l anpil.”

—Atik sa a te premye parèt nan 30 x 30: Trant istwa reyisit, espwa ak envansyon, © 2008, Sant Rechèch sou aprantisaj nan University of Kansas. Se ak pèmasyon nou re-enprime l.



# N ap fòme etidyan ki pare pou kolèj, pou yon karyè an Florid



**SIM**   
Strategic Instruction Model®




U.S. Office of Special Education Programs

Pawòl ki ekri nan dokiman sa a, nou te prepare yo gras a yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken, #H323A120025. Men, pawòl sa yo pa oblije reprezante politik Depatman Edikasyon Ameriken. Alò, ou pa ta dwe mete nan tèt ou gouvènman federal la andose pwojè sa a poutèt sa. Responsab Pwojè a, David Guardino

## Ki sa pwogram Strategic Instruction Model™ la ye?

Pwogram SIM nan se yon seri enstriman alfabetizasyon yo eseye deja, ki vize yon seri ladrès pitit ou ki lekòl bezwen pou l reyisi lekòl ak nan lavi a. Teknik ak materyèl SIM yo bay bon rezilta pandan plis pase 30 lane rechèch ak esperyans nan klas.




### Estrateji Aprantisaj

Gen plis pase 30 estrateji aprantisaj pou ede elèv okipe aktivite toulejou nan klas: lekti, ekriti, etidye, pran egzamen, fè devwa ak lòt ankò. Chak estrateji regle yon travay byen detèmine, tankou idantifye mo nan yon tèks, ekri yon fraz konplè oswa pran nòt pandan pwofesè ap anseye.

Rezilta Estrateji pou ekri fraz	Anvan Ansèyman	Aprè Ansèyman
Pousantaj fraz konplè etidyan yo te ekri	70%	98%
Pousantaj fraz konpoze, fraz konplike oubyen fraz konpoze konplike etidyan yo te ekri	18%	58%

### Metòd pou amelyore sijè edikatif

Metòd pou amelyore sijè edikatif a se yon metòd ensèyman ki sèvi ak bon jan teknik ansèyman pou òganize sijè yo e prezante yo yon fason tout elèv ka konprann e sonje. Tout metòd yo ankouraje ansèyman dirèk, klè ki ede elèv ki gen difikilte aprann pou yo bay pi bon ranman, e ki ankouraje elèv ki fò pou yo ka vin pi fò.



Nan ki degre amelyorasyon sijè edikatif la mache? Yo etidye chak metòd nan sijè nan klas segondè. Nan chak etid, elèv yo fè an mwayèn omwen 10 a 20 pousan pwen anplis nan egzamen ki mande pou yo montre sa yo aprann.

### Pwojè SIM sibvansyon Florid pou fòmasyon anplwaye Leta

Pwojè sa a pote èd teknik ak fòmasyon pwofesyonèl pou distri lekòl yo vize nan tout Florid. Lekòl mwayen ak lekòl segondè ki patisipe jwenn enfòmasyon yo, materyèl yo ak antènman yo bezwen pou yo mete ann aplikasyon Metòd Amelyorasyon Sijè ak Estrateji Aprantisaj dapre bezwen yo wè elèv yo genyen. Chak lekòl monte yon plan pou yo kontinye menm travay la apre fon SPDG a fini.

Antre an kontak avèk lekòl pitit ou pou w kab konnen ki jan yo sèvi ak SIM nan.

